



Pou Piblikasyon Imedya: 31/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

"Nan kòmansman jounen an, yo te enkilpe yon doktè Nouyòk nan Lwizyán poutèt li te itilize telemedsin pou preskri yon pasyan medikaman pou avòtman. Se vre: y ap pouswiv yon doktè poutèt li bay pasyan li swen sante debaz.

Nou te toujou konnen ke anilasyon Roe v. Wade pa te mete fen nan konba pou politisyen anti-avòtman yo. Se poutèt sa mwen te travay ak Lejislati a pou adopte lwa lidè nasyonal pou pwoteje founisè yo ak pasyan yo. Li pi enpòtan pase avan pou eta yo monte ak pwoteje libète repwodiktif — epi mwen p ap janm fè bak nan batay sa a."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)